



Projè pou Defans Imigran ak siveye lè Imigrasyon (ICE) ap arete moun nan kominote an.

Alò, fòk ou konnen dwa w pou lè w kontre avèk ICE.

Kiyès ICE ka arete?

La lwa pèmèt gouvènman federal depòte sèten moun. Pa egzanp:

- Nenpòt moun ki pa gen papye
- Pou Moun ki gen papye legal (pa egzanp, ki gen rezidans, ki refijye ou ki gen viza) men ki te kondane pou on krim ke li te komèt



Gouvènman federal la dirije ICE konsenan ki moun yo dwe swiv pou arete. Ofisyè ICE yo pral deside konsantrè sou arestasyon moun ke yo panse:

- se yon menas pou “sekirite nasyonal”
- antre peyi a ilegalman soti nan 1 Novanm 2020 oubyen apre,
- se yon menas aktyèl pou “sekirite piblik”. ICE gen dwa konsidere bagay tankou:
 - ka kriminel resan e arestasyon polis
 - nenpòt plent ki enlipe revòlve oubyen zam

Priyorite sa yo deja chanje de fwa anba Administrasyon Biden e yo gen dwa chanje ankò. Menmsi ou panse ke ou pa yon priyorite, ICE ka toujou deside arete w si ou vilnerab a depòtasyon.

Pou moun ki gen papye men ki te gen pwoblèm ak la jistis

Fè atansyon: Ou ka yon sib menm si:

- Sa fè lontan ou te gen pwoblèm ak lajistis.
- Ou pa t pase nan prizon
- Ka w pa t gwo
- Sa fè lontan ou se yon rezidan; e / ou byen
- Tout fanmi w se sitwayen ameriken

Imigrasyon avèk Ladwan (ICE) se yon ajans gouvènman federal ki responsab depòte moun.

Eske Imigrasyon ak ladwan (ICE) ap antre an kontak ak nenpòt ki moun yo kwè yo ka depòté ?

Nòmalmman, Imigrasyon identifiye moun yo bezwen depòte yo an avans. Apre sa yo eseye jwen moun nan, yo ale lakay moun nan, nan tribinal, e menm lan travay moun nan. Pafwa yo tann moun nan lan lari pou yo aretel.

Si m konnen imigrasyon ap chèchèm, kisa m ka fè?

- **Fè plan** avèk fanmi w an ka Imigrasyon pran w!
- **Evite kontak ak Imigrasyon** – pa aplike pou chanje estati imigrasyon oubyen pou rénovlé alyen kat ou e pa vwayaje a letranje san w pa pale avèk yon avoka.
- **Evite kontak avèk lajistis** (lapolis pataje anpwent ou avèk Imigrasyon)!

SI GEN YON RISK POU YO DEPÒTÈ W OSWA FANMI W, FÈ PLAN!

Konnen dwa w, lwa yo konplike.

Pou plis enfòmasyon sou arestasyon ICE nan katye lakay ou, monte sou sit web IDP sa a: immdefense.org/ice-arrests-oubyen

KYR@immdefense.org.

Si w vle bay enfòmasyon sou yon lè ICE vini nan katye lakay ou, rele IDP nan **212-725-6422**.

Materyèl sa yo se sèlman enfòmasyon. Se pa konsèy legal. Imaj avèk Materyèl © IDP 2021.

Licensed under a Creative Commons Attribution-NonCommercial 4.0 Intl. License. (creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

Ki sa m dwe fè si Imigrasyon vini kotem nan lari oswa nan piblik?

Lè Imigrasyon arete moun an piblik, an jeneral yo fè sa rapid. Yo gen dwa rele non w byen fò, e mande w si se konsa ou rele, e arete w apre.

- Avan w bay non w oubyen okenn enfòmasyon, mande yo **“ESKE MWEN GEN DWA ALE?”**
 - **Si yo di WI:** Di “Mwen pa vle reponn kesyon w” oubyen “Mwen ta pito pa pale avè w kounye a.” Epi, ale.
 - **Si yo di NON:** Pa di yon mo anlès ke sa a: “Mwen ta renmen itilize dwa m pou m pa reponn kesyon” e apre “M ta renmen pale avèk yon avoka.”
- Si yo ap kòmanse chèche nan poch ou oswa nan afè pèsònèl ou, di: **“M pa bay dwa pou nou fouye nan afè m.”**
- **PA BAY MANTI ni montre fo dokiman. Pa sove oubyen fè fòs avèk ajan yo.**
- Pa reponn kesyon sou estati imigrasyon w oubyen kote w soti. Y ap itilize tout enfòmasyon ou bay yo kont ou. Pa ba yo okenn dokiman etranjé tankou yon paspò, oubyen kat identite ke peyi w ba w oubyen viza ki ekspire.
- Si w nan tribinal pou yon bagay kriminèl, mande pale ak avoka w avan yo ale avè w.

Si ofisye vini lakay mwen, eske m ap konnen si se Imigrasyon?

Pa tout tan! Fè atansyon: Souvan, Imigrasyon di se polis yo ye e di yo vle pale avè w pou yon ankèt sou vòl idantite oswa yon investigasyon.

Eske Imigrasyon ka antre lakay mwen pou arete m?

Si Imigrasyon pa gen pèmisyon yon jij, yo pa ka antre lakay ou san pèmisyon yon granmoun. Ouvri pòt la lè yo sonnen, pa bay yo pèmisyon antre lakay ou.



Ki sa pou m fè si ofisye yo lan pòt lakay mwen?

- Eseye konnen si yo se Imigrasyon ou pa.
- Eseye rete kalm. Rete moun debyen. Pa bay manti. Di **“Mwen pa vle pale ave nou kounye a.”**
- Mande pou wè yon manda ke yon jij siyen epi pou yo pase manda a anba pòt la. Si yo pa gen youn, pa kite yo antre lakay ou.
- Si y ap chèche yon lòt moun, **di yo kite nimero telefòn yo.** Ou pa oblije di yo ki kote pou yo jwenn moun nan e **ou pa dwe bay manti.**

Ki sa pou m fè si Imigrasyon andedan lakay mwen pou arete yon moun?

- Di imigrasyon si gen timoun oswa lòt moun vilnerab lan kay la.
- Mande yo pou yo kite kay la a mwens ke yo gen yon manda siyen pa yon jij.
- Si yo te antre lakay la san otorizasyon, di yo **“M pa t bay nou dwa antre lakay mwen. Souple, mete nou deyò.”**
- Si yo vle eseye fouye chanm oubyen bagay nan kay la, di yo **“M pat bay nou dwa fouye kay mwen.”**
- Si ICE ap arete w, di yo si w gen pwoblèm medical oubyen ou bezwen moun pou okipe timoun.

Ki dwa mwen genyen si Inmigrasyon ap arete m?

- Ou gen dwa **pa pale.** Ou gen dwa **pale avèk yon avoka.**
- **PA BAY MANTI** paske sa ka sèlman ba w pwoblèm pi devan.
- Ou **pa bezwen** di yo ki kote ou fèt, ki sa estatu imigrasyon w ye, oubyen listwa kriminèl ou. Mande pale avèk yon avoka olye pou reponn kesyon.
- Ou **pa oblije bay yo paspò oswa dokiman peyi** kote ou soti, a mwens ke yon jij ba yo yon manda.
- Ou **pa bezwen siyen anyen.**

IDP mete enfòmasyon sa yo ajou an 2021. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade liv IDP ki pi long lan sou immigrantdefenseproject.org/ice-arrests.